# Prezident Shavkat Mirziyoev qaraqalpaqstanlı Zaynab Dayıbekova haqqında

Image not found or type unknown

- Bıyılǵı Olimpiada biz ushın sport tarawında birneshe jańa qábilet iyeleri, jańa Ózbekstannıń jańa qaharmanların anıqlap bergenin atap ótiw kerek.

Atap aytqanda, 18 jaslı sportshı qızımız, qaraqalpaq xalqınıń múnásip perzenti Zaynab Dayıbekova qılıshpazlıqtıń sablya baǵdarı boyınsha Ózbekstan tariyxında birinshi márte Olimpiada qatnasıwshısı degen mártebege eristi.

Eń áhmiyetlisi, ol jarıslardıń ekinshi aylanımında Aziya oyınlarınıń finalshısı, dúnya reytinginde 3-orında turatuǵın qıtaylı tájiriybeli sportshını jeńip shıqtı.

Men isenemen, Zaynab qızımız kelesi Olimpiya oyınlarında bunnan da belsene qatnasıp, óziniń sheberligi menen Ózbekstanımızǵa álbette altın medal alıp keledi.

Image not found or type unknown

Qaraqalpaqstan xabar agentligi.